



## Eksplikasyon Davans

Lwa pou Pasyan an Pran Pwop Desizyon li (Oto- Deteminasyon) fe nou obligasyon pou nou mande w si wi ou non ou gen yon ekplikasyon davans oubyen ou ta renmen kite yon eksplikasyon davans le w ap entene nan lopital.

EksplikasyonDavans se yon tern jeneral pou pale de desizyon ekri oswa nan bouch ki pemet ou fe konnen volonte ou sou pwosedi pou pwolonje lavi le w nan denye jou ou, epitou volonte ou sou moun ou ka chwazi pou pran desizyon sou swen sante ou si ou vin pa kapab pran desizyon sa yo pou tet ou oswa si ou ta renmen yon lot moun rantre nan pran desizyon sa yo sou non ou.

Entansyon nou le nou ba ou entomasyon sa a se pou ou kapab panse davans sou desizyon enpotan sa yo. Nou vie ba ou pi bon swen sante ki an ako avek volonte ou. Tanpri prepare eksplikasyon davans la si ou chwazi fe sa, men ou pa oblige fe li. Si ou ta renmen asistans oubyen si ou gen kesyon, tanpri kontakte:

Vilma LaPorte  
Asistans Sosyal/ Jesyon Swen  
786-904-4242

# EKSPLIKASYON DAVANS

Ou ka ranpli nenpòt, tout oubyen okenn pati nan de seksyon ki anba yo.

## Nonmen Ranplasan Pou Swen Sante

Ranpli sa a si ou ta vle chwazi yon moun pou fè tout desizyon swen sante ou yo epi/oubyen resevwa enfòmasyon sou sante ou. Moun sa a rele yon ranplasan pou swen sante.

Mwen menm, \_\_\_\_\_ ki fèt \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_, ta vle nonmen kòm RANPLASAN mwen pou egzekite desizyon ki nan deklarasyon sa a:

Non: \_\_\_\_\_ Relasyon: \_\_\_\_\_

Téléfon: \_\_\_\_\_ Adrès: \_\_\_\_\_

Si ranplasan mwen an pa vle, pa kapab, oubyen gen yon rezon li pa kapab disponib pou li fè devwa li, Mwen nonmen kòm LÒT RANPLASAN mwen:

Non: \_\_\_\_\_ Relasyon: \_\_\_\_\_

Téléfon: \_\_\_\_\_ Adrès: \_\_\_\_\_

Mwen ekri  Mwen pat ekri yon Testaman (Pandan Mwen Vivan) anvan mwen entène la a.

## ENSTRIKSYON YO POU SWEN SANTE

Mwen otorize ranplasan pou swen sante mwen an:

*(Inisyal la a -Premye lèt nan non a)* Resewwa nenpòt enfòmasyon sou sante mwen, nan bouch oswa anrejistre sou nenpòt fòm oswa nenpòt mwayen, ki:

1. Te kreye oswa yo te voye bay yon fournisè swen sante, sant sante, plan sante, otorite sante piblik, anplwayè, konpayi asirans lavi, lekòl oswa inivèsite, oswa yon kote ki jere bòdwo sou swen sante; ak
2. Gen rapò ak sante mantal oswa kondisyon mantal mwen, kounye a oswa nan lavni; gen rapò ak dispozisyon pou swen sante mwen; oswa ak peman epi dispozisyon pou swen sante mwen ki te pase, ki ap pran kounye a oswa pou lavni.

Anplis, Mwen otorize ranplasan pou swen sante mwen an:

*(Inisyal la a)* Fè tout desizyon sante pou mwen, ki vle di li gen otorite pou:

1. Bay konsantman enfòme, refize konsantman oswa retire konsantman pou nenpòt ak pou tout swen sante mwen, ki gen ladan pwosedi yo pou pwolonje lavi.
2. Aplike sou non mwen pou benefis prive, piblik, gouvenèman oswa pou veteran pou redwi pri swen sante a.
3. Jwenn aksè a enfòmasyon sou sante mwen ki nesesè pou ranplasan swen sante an ka pran desizyon ki enplike swen sante mwen epi pou aplike pou benefis pou mwen.
4. Deside fè kado pati nan kò mwen dapre pati V nan chapit 765, Lwa Florid yo.

*(Inisyal la a)* Lòt eksplikasyon (si ou vle): \_\_\_\_\_

Otorite ranplasan swen sante mwen an ap kòmanse aplike lè doktè prensipal mwen detèmine mwen pa kapab pran desizyon sou swen sante mwen sofi si mwen tcheke epi mwen mete inisyal mwen nan yonn oswa toude nan bwat sa yo:

- Si mwen tcheke epi mete inisyal mwen nan bwat sa a, otorite ranplasan swen sante mwen an pou resevwa enfòmasyon sante mwen ap kòmanse touswit.
- Si mwen tcheke epi mete inisyal mwen nan bwat sa a, otorite ranplasan swen sante mwen an pou resevwa enfòmasyon sante mwen ap kòmanse touswit. Men, nenpòt enstriksyon oswa desizyon swen sante mwen fè, swa nan bouch oswa alekò, pandan mwen genyen kapasite va ranplase nenpòt enstriksyon oswa desizyon swen sante ranplasan mwen fè ki rantre nan konfli ak sa mwen te pran yo. Pandan mwen gen kapasite pou pran desizyon, volonte mwen yo sou kontwòl epi doktè mwen ak fournisè swen sante mwen yo dwe fè mwen konnen klèman plan tretman mwen an oswa nenpòt chanjman nan plan tretman an anvan yo aplike li. Jiskaske mwen kapab gen konpreshansyon, ranplasan swen sante mwen dwe mete mwen okouran tout desizyon li te fè nan non mwen ak tout zafè ki konsène mwen.

## LÒT ENKAPASITE KI VIN APRE PA AFEKTE NOMISASYON REPREZANTAN POU ZAFÈ SANTE SA A EKSEPTÉ JAN YO PREVWA POU SA FÉT NAN CHAPIT 765, LWA FLORID YO.

Mwen konprann mwen kapab, nenpòt ki lè pandan mwen gen kapasite mwen, anile oswa fè chanjman nan nominasyon sa a lè: (1) mwen siyen, ekri epi mete dat nan yon dokiman ki montre entansyon mwen pou chanje oswa anile nominasyon sa a:

(2) mwen detwi li swa nan aksyon mwen fè oswa nan aksyon yon lòt moun fè nan prezans mwen epi si mwen mande sa; (3) nan bouch mwen eksprime entansyon mwen pou chanje oswa anile desizyon sa a; oswa (4) mwen siyen yon nouvo nominasyon ki parèt diferan de moninasyon sa a.

**Siyati:** Siyen fòm nan. Fè de temwen siyen fòm nan. Di lòt moun de desizyon ou pran an epi bay doktè ou ak fanmi ou kop. Pote fòm nan lopital la nan moman y ap entène ou.

Mwen konprann enpòtans deklarasyon sa a, epi mwen emosyonèlman epi mantalman gen kapasite pou fè deklarasyon sa a. Eksplikasyon sa yo eksprime dwa legal mwen pou prezèvè dwa mwen genyen pou vi prive ak pou deside pou pwòp tèt mwen. Poutèt sa, mwen espere fanmi mwen, doktè ak tout moun sa yo ki konsène nan swen mwen ap konsidere tèt yo kòm moun ki gen obligasyon legalman epi moralman pou aji selon volonte mwen yo.

|   |     |                      |                      |
|---|-----|----------------------|----------------------|
| Siyati Pasyan an  | Dat | Temwen pou Siyati    | Temwen pou Siyati    |
| <b>SÉLMAN YOUN NAN TEMWEN YO KAPAB YON MARI OUBYEN MADANM<br/>MANM MENM FANMI. YON RANPLASAN PA KAPAB YON TEMWEN.</b> |     | Non Enprime/Relasyon | Non Enprime/Relasyon |

## Testaman Pandan W ap Viv

Ranpli sa a si ou vle, oubyen si w ap bay pwòp dokiman pa ou.

Non Pasyan:

Non Fanmi

Dat

Prenon

Dezyèm Prenon

Deklarasyon sa a te fèt jou \_\_\_\_\_ nan lane \_\_\_\_\_ Mwen, \_\_\_\_\_, ki fèt \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_, dapre desizyon epi volontèman fè konnen dezi mwen pou yo pa pwolonje lavi mwen si m ap mouri anba sikostans ki tabli pi ba a:

Se volonte mwen pou yo pa pwolonje lavi m atifisyèlman si mwen pa kapab kominiye desizyon yo pou swen sante mwen ak: Mwen gen yon kondisyon ki ka mennen lanmò; oswa mwen nan yon kondisyon ki rive nan dènye bout li; oswa mwen nan yon eta vejetatif ki dire anpil. Si doktè m wè pa gen okenn chans pou mwen geri, epi yon lòt doktè konsiltan konfime sa a, lè sa a mwen mande pou yo pa fè oubyen pou yo retire pwosedi pou pwolonje lavi mwen. Medikaman ak pwosedi medikal yo ta dwe bay sèlman si yo ban'm ankourajman oswa facilite doulè'm yo.

Lòt enstriksyon pèsonèl: \_\_\_\_\_

Fanmi mwen ak doktè yo dwe respekte deklarasyon sa a kòm dènye volonte mwen nan dwa mwen genyen pou refize tretman medikal oswa chirurjikal, menm si konsekans lan se lanmò.

Mwen te  Mwen pa te deziyen yon ranplasan swen sante anvan yo entène mwen la a.

**Siyati:** Siyen fòm nan. Fè de temwen siyen fòm nan. Di lòt moun de desizyon ou pran an epi bay doktè ou ak fanmi ou kop. Pote fòm nan lopital la nan moman y ap entène ou.

Mwen konprann enpòtans deklarasyon sa a, epi mwen emosyonèlman ak mantalman gen kapasite pou fè deklarasyon sa a. Eksplikasyon sa yo eksprime dwa legal mwen pou prezèvè dwa mwen pou vi prive ak pou deside pou pwòp tèt mwen. Se poutèt sa, mwen espere fanmi mwen, doktè ak tout moun sa yo ki konsène nan swen mwen ap konsidere tèt yo kòm moun ki gen obligasyon legalman epi moralman pou aji selon volonte mwen yo.

|  |     |                      |                      |
|--|-----|----------------------|----------------------|
| Siyati Pasyan an   | Dat | Temwen pou Siyati    | Temwen pou Siyati    |
| <b>SÉLMAN YOUN NAN TEMWEN YO KAPAB YON MARI OUBYEN MADANM OUBYEN<br/>MANM MENM FANMI. YON RANPLASAN PA KAPAB YON TEMWEN.</b> |     | Non Enprime/Relasyon | Non Enprime/Relasyon |

